

### Tribinal Lòjman yo espesyalize yo nan kesyon ki gen rapò ak lòjman

---

Tribinal Lòjman yo fèt pou tande pwosè degèpisman, pwosè sou kòd lòjman, ak lòt kesyon ki gen rapò ak lòjman. Yo gen pwogram tankou Pwojè Prezèvasyon Lokasyon, yon Avoka pou Jounen an, ak lòt èd lòt tribinal yo pa genyen. Pwogram sa yo kapab ede lokatè yo navige pwosesis pwosè tribinal la.

### Yon dwa pou transfere

---

Si pwosè degèpisman w lan nan Tribinal Distri a oswa Tribinal Minisipal Boston an, ou gen dwa pou w transfere l nan Tribinal Lòjman an.

Ou pa bezwen yon odyans pou w transfere pwosè w. Ou sèlman bezwen pran fòmilè Transfè w la epi mennen l bay pwopriyetè a ak tribinal yo **jou anvan** dat pwosè w la.

### Depoze Repons ou ansanm ak fòmilè Transfè ou

---

W ap bezwen depoze yon fòmilè Repons opre de Distri a oswa Tribinal Minisipal Boston an. Li pi bon pou w depoze fòmilè Avi Transfè a ansanm ak Repons ou a. Gade **Livre 3 : Repons**.

### Cache Tribinal Lòjman ki sèvi vil oswa vilaj ou a

---

Tribinal Lòjman yo sèvi tout eta Massachusetts la. Gen 6 divizyon ki kouvri diferan rejyon nan eta a. Chak divizyon òganize pwosè nan plizyè lokal diferan atravè rejyon an tou. Apati mwa janvyè 2022, Tribinal Lòjman an ap fonksyone alafwa vityèlman epi an prezansyèl.

Cache adrès ak nimewo telefòn pou Tribinal Lòjman ki sèvi vil oswa vilaj ou a. Gade [Mass.gov/orgs/housing-court/locations](https://www.mass.gov/orgs/housing-court/locations).

Cache enfòmasyon kontak pou pwogram ki ede loaktè yo epi chache enfòmasyon adisyonèl ki disponib nan chak divizyon nan [mass.gov/guides/housing-court-resources](https://www.mass.gov/guides/housing-court-resources).

# **Kòman pou w transfere pwosè w nan yon Tribinal Lòjman**

---

## **Ranpli yon fòmilè Avi Transfè**

Lèt sa yo nan endikasyon sa yo egal ak sa ki nan pati anlè fòmilè a nan livret sa a.

- a) Ekri non konte w la.
  - b) Kopye non pwopriyetè ou a ki nan fòmilè **Demann pou Parèt ak Plent lan**.
  - c) Kopye non ou jan li ye nan fòmilè **Demann pou Parèt ak Plent lan**. Ekri non ou sou fòmilè Avi Transfè a egzakteman jan li afiche sou **Demann pou Parèt ak Plent lan**, menm si li pa korèk. Ou ka mande tribinal la pou ranje nenpòt erè ki genyen apre.
  - d) Kopye non Tribinal Distri a oswa Tribinal Minisipal Boston an jan li ekri nan **Demann pou Parèt ak Plent lan**.
  - e) Ekri Nimewo Dosye a pou pwosè w si w konnen l. Nimewo Dosye a se nimewo a ke tribinal la bay pwosè w la. Li gen dwa ekri nan kwen siperyè adwat **Demann pou Parèt ak Plent lan**. Ou ka mande grefye tribinal la pou l ba ou li.
- Nan mitan fòmilè a, apre mo "jiridiksyon jewografik de \_\_\_\_\_", ekri divizyon Tribinal Lòjman kote ou pral transfere pwosè w. Sa a se Tribinal Lòjman ki sèvi vil pa w la. Sa pral youn nan divizyon sa yo :  
**Lès | Nòdès | Sidès | Metwo Sid | Sant | Lwès**
  - Siyen fòmilè a epi ekri dat la.
  - Ekri non w, adrès ou, nimewo telefòn ou ak imèl ou si w gen youn.
  - Si pwopriyetè ou gen yon avoka, ekri non, adrès ak nimewo telefòn avoka a. Si pwopriyetè ou pa gen yon avoka, ekri non, adrès ak nimewo telefòn pwopriyetè ou.

## **Depoze fòmilè a anvan dat pwosè w pral prezante nan tribinal la**

Lè fòmilè a konplè, fè 3 kòpi.

- Depoze **Avi Transfè orijinèl la** avèk biwo grefye a ki nan Kou Distri a oswa Kou Minisipal Boston an ki ekri sou **Demann pou Parèt ak Plent** ou.
- Depoze yon (1) **kòpi** opre de biwo grefye a nan Tribinal Lòjman ki sèvi vil oswa vilaj ou.
- Remèt yon (1) **kòpi** bay pwopriyetè ou oswa avoka li a.
- **Kenbe** yon kòpi pou tèt ou. Pòte l avè w lè w vini pou premyè seyans pwosè w nan Tribinal Lòjman an.

## **Kisa ki rive apre m fin depoze fòmilè Avi Transfè a ?**

---

Lè w depoze Avi Transfè a, Tribinal Distri a oswa Tribinal Minisipal Boston an pral transfere pwosè w bay Tribinal Lòjman an otomatikman.

**Tribinal Lòjman an pral voye ou menm ak pwopriyetè ou yon lèt pa lapòs ki gen ladan l nouvo dat pwosè a pral prezante nan tribinal la.**

Si w pa t resevwa yon lèt, rele biwo grefye a nan Tribinal Lòjman ki sèvi vil oswa vilaj ou epi mande pou dat premyè seyans ou nan tribinal la.

Ou pa oblije pale ak yon jij pou w transfere pwosè w. Sèl sa w bezwen fè se prepare tèt ou pou seyans tribinal ou epi ale nan Tribinal Lòjman an nan dat pwosè w la pral prezante a.

## **Enstriksyon pou itilizatè fòmilè ki tradwi yo**

---

Ranpli fòmilè sa a epi apre sa kopye enfòmasyon ou yo nan fòmilè anglè a nan paj 5.

Remèt fòmilè ki ann anglè sèlman bay tribinal la ansanm ak pwopriyetè ou oswa avoka li a.

Kenbe fòmilè Kreyòl ayisyen lan ak yon kòpi fòmilè anglè a pou dosye ou.

### **Ou gen dwa ak yon entèprèt gratis**

Anvan ou ale nan randevou tribinal ou, rele tribinal la epi mande pou biwo Grefye Tribinal la.

Si w pa ka jwenn nimewo telefòn tribinal la sou dokiman tribinal ou genyen an, chache li anliy.

Itilize Zouti pou Lokalize yon Tribinal ki nan [mass.gov/courthouse-locator](https://www.mass.gov/courthouse-locator).

Di grefye a ke w bezwen yon entèprèt.

Si w ale nan tribinal la an pèsòn, ou ka montre kat sa a bay grefye tribinal la:

[masslegalhelp.org/language-rights/free-interpreter-en-ht.pdf](https://www.masslegalhelp.org/language-rights/free-interpreter-en-ht.pdf)

### **Tribinal yo angaje pou yo sèvi moun ki pale tout lang**

Tout tribinal ki nan eta Massachusetts ta dwe ba w yon entèprèt si w bezwen youn.

Si w pa ka jwenn èd ke w bezwen nan men yon pèsònèl tribinal la oswa yon entèprèt, ou ka

depoze yon plent anliy: [macourtsystem.formstack.com/forms/language\\_access\\_complaint](https://macourtsystem.formstack.com/forms/language_access_complaint)



# FÒMILÈ TRANSFÈ

## TRIBUNAL PWOSÈ

### ETA MASSACHUSETTS

a. \_\_\_\_\_, ss :  
Konte

d. \_\_\_\_\_  
Non Tribinal la

b. \_\_\_\_\_  
Plenyan (yo) - Pwopriyetè (yo)

e. \_\_\_\_\_  
Nimewo Dosye a Pwosesis Rezime a

vs.

c. \_\_\_\_\_  
Defandè (yo) - Lokatè (yo)

### AVI TRANSFÈ NAN YON TRIBINAL LÒJMAN

Moun ki siyen pi ba a deklare ke pòko gen okenn pwosè ki kòmanse prezante nan tribinal orijinèl sa a, ke aksyon sa a antre nan kad matyè ak jiridiksyon jewografik Tribinal Lòjman \_\_\_\_\_, M.G.L. c. 185C, §§3 ak 20, epi yon kòpi de avi transfè sa a te livre bay tout pati opozan yo jan sa afiche pi ba a.

\_\_\_\_\_  
Siyati ak Dat

\_\_\_\_\_  
Non

\_\_\_\_\_  
Adrès ak Telefòn

\_\_\_\_\_  
Imèl (si genyen)

Bay : \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

Bay : \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

Voye yon kòpi bay Tribinal Lòjman ki konsènen an



**TRANSFER FORM**  
**COMMONWEALTH OF MASSACHUSETTS**  
**TRIAL COURT**

a. \_\_\_\_\_, ss:  
County

d. \_\_\_\_\_  
Name of Court

b. \_\_\_\_\_  
Plaintiff(s) – Landlord(s)

e. \_\_\_\_\_  
Docket No. Summary Process

vs.

c. \_\_\_\_\_  
Defendant(s) – Tenants(s)

**NOTICE OF TRANSFER TO HOUSING COURT**

The undersigned states that a trial has not yet begun in this originating court, that this action is within the subject matter and geographic jurisdiction of the \_\_\_\_\_ Housing Court, M.G.L. c. 185C, §§3 and 20, and that a copy of this transfer notice has been served upon all opposing parties as listed below.

\_\_\_\_\_  
Signature and Date

\_\_\_\_\_  
Name

\_\_\_\_\_  
Address and Telephone

\_\_\_\_\_  
Email (if any)

To: \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

To: \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

**Send copy to applicable Housing Court**